Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 26 июль Рузман №34 (7848) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Барки

## Конституциялъул къогун!

ХIурматиял районцоял, баркула нужеда Дагъистаналъул Конституциялъул къо!

1994 соналъул 26 июлалда къабул гьабуна Дагъистаналъул Конституция. Гьеб къо нилъер республикаялъул тарихалде ана миллияб байрамлъун. Республикаялъул Конституция ккола халкъалъул ихтиярал ва эркенлъи цIунулеб аслияб документ. Гьелъ цIияб гьумер рагьана гIемер миллаталъулаб Дагъистаналъул халкъалъул цебетIеялъулъ.




Жакъа улкаялда кколел хиса-басияз нилъее рагьулел руго цIицIияб ресал, цере лъолел руго социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъе цIиял масъалаби.

РакIчIарав вуго районалъул гIадамазги гьел масъалаби тIуразариялъулъ мустахIикъаб бакI ккелин.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, рохел, талихI ва рахIат бугеб гIумру.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## 26 июль-Дагъистаналъул Конституциялъул къо

Щибаб соналъ 26 июлалда кIодо гьабула Дагъистаналъул Конституциялъул къо.

ЖамгIиялгун политикиял ва социалиялгун экономикиял гьоркьорлъаби хехго хисулеб заманалда къабул гьабуна Дагъистан Республикаялъул тIоцебесеб Конституция. Гьеб заман нилъер республикаялъе букIана политикиябгун жамгIияб рахъалъ цIакъго хIалуцараб. Гьединлъидал хIажат букIана заманаялъ церелъурал суалазе чIванкъотIарал жавабал аслияб къануналде жанире рачине.

Федералиял законазда ва Дагъистаналъул жамгIияб гIумруялъулъ ккарал кIвар бугел хиса-басиялги хIисабалде росун, 1994 соналъул 26 июлалда Дагъистаналъул Конституциялъулаб Собраниялъ къабул гьабуна Дагъистан Республикаялъул Конституция.

Конституциялъул проект хIадур гьабиялъулъ гIахьаллъана республикаялъул хIукуматалъул ва Конституциялъулаб собраниялъул членал, гьединго гIалимзабазул ва юристазул хIалтIулал къокъаби.

Конституциялъ чIезабуна инсан ва гьесул ихтиярал бищунго тIадегIанаб къиматлъун, гьел цIуни - пачалихьалъул тIадаб ишлъун. Гьединго Конституциялъ бихьизабун буго республикаялъул кинабго халкъалъул ращалъи, тIаде босун буго гьезул милиябгун маданияб жибго жиндаго чIей, гIадатал ва мацI цIунизе. Гьелъул хасльилъун ккола хIукуматги инсанги гьелъ цого борхалъиялдалъун рукIин.

1994 соналъул Конституциялъул ирсилаблъун ккараб республикаялъул цIияб аслияб къанун къабул гьабуна 2003 соналъ. Гьелъул аслиял принципал цере рукIаралго хутIана - ихтияралъул тIалъи ва гIемер миллатал ругеб республикаялъул халкъазул ращалъи, амма байрамалъул заман хисичIо, къуваталде ана цебесеб Конституция къабул гьабураб къоялъ -26 июлалда.

Жакъа Дагъистан Республикаялъул Конституция ккола республикаялъул кинабго законодательствоялъул базаялъул къучIлъун. Щаклъи гьечIо, жибго Конституция кколаро хисулареб документлъун, амма жамгIиял гьоркьорлъабазда ккolел хиса-басиязда ва заманалъул тIалабазда рекъон гьелда жанир гьарула хиса-басиял.

Бечедаб буго Дагъистаналъул Конституциялъул тарихги. 1921 соналъул 5 декабралда къабул гьабураб Дагъистаналъул тIоцебесеб Конституциялъул аслиял положениябиhadур гьарун рукIана РСФСРалъул 1918 соналъул Конституциялъул ва Дагъистаналъул АССР гIуцIиялъул хIакъалъуль ВЦИКалъул документазул къучIалда. 1921 соналдаса хадуб Конституциялда хиса-басиял гьаруна 1927, 1937, 1978, 1994 ва 2003 соназ.

Дагъистаналъул Конституциялъул къо- 26 июль республикаялда лъазабуна байрамлъун ва гIодобкъолъун.

ЦIумада район гIуцIаралдаса-95 сон

## ГIолилазе тарбия кьей - букIинеселде битIараб гали

ЦIумада район гIуцIаралдаса 95 сон ва августалъулал лъугьа-бахьиназ 25 сон тIубаялда хурхун 23 июлалда райадминистрациялъул спор-




талъул ва гIолилазул ишазул отделалъ ТIадгъаквари «Гьинкъили» абулеб бакIалда аскIоб берцинаб рохьул рацIцIалъиялда тIобитIана «Ниж терроризмалде ва экстремизмалде данде» абураб ахIиялда гъоркь гIолилазул дандельи. Дандельиялъул мурад букIана районалъул мисалаздалъун гIолилазул ватIаналде, гIагараб ракьалде рокьи бижизаби, кколо щуго соналъ цебе августалъул лъугьа-бахьиназда районцоял бихьизабураб кьохIехьеялъулги, квакIиялъулги, бихьинчилъиялъулги гIолилазда бицин, сахаб гIумру гьабизе гIолилал ахIи.

Гьенир гьел дандчIвана ТIадгъаквари рохьор тренировкаби гьаризе рехеса рачIарал гугарухьабигун.

Гьалбадерие саламалъулаб кIалъай гьабун хадуб райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас бицана жакъа дунялалда бугеб ахIвал-хIалалъул, нилъеда цере чIарал суалазул. ГIолилазда гъоркьоб гьабулеб хIалтIи аслияб къагIидаялъ балагьизабураб букIине ккелин абуна гьес бачIунеб гIел талихIаблъун букIиналде, гьел битIараб нухде ккезариялде, сахаб гIумру гьабизе куцаялде, наркотиказде ва терроризмалъул идеологиялде данде гьезул рокьукълъи бижизабиялде балагьизабураб.

ГIолилазе тарбия кьей -гьеб кколин букIинеселде тIамулеб битIараб галиян абуна ТIахIатица жиндирго кIалъаялъул ахиралда.

ГIолилалгун гьенир дандчIвана эркенаб гугариялъул Тарумовка мухъалда гIумру-яшав гьабун ругел кванхисел: тренер Дубаев Муртуз, Дагъистаналъул регбиялъул федерациялъул вице-президент АхIмад ГIумаров, эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул чемпион, халкъазда гъоркьосеб классалъул мастер МухIамад Магомаев ва цогидалги спортсменал.

ГIолилазда ва спортсменазда гъоркьор рукIана ракI ргьарал гара-чIвариял, малъа-хъваял.

ГIун бачIунеб гIел куцаялъулъ гьабулеб жигараб хIалтIухъ райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъ гьалбал кIодо гьаруна Баркалаялъул кагътаздалъун, гьединго республикаялъул гIолилазул ишазул министерствоялъул ва «ДАГТЛУС» компаниялъул рахьалъан къиматал сайгъатаздалъун.

Дандельиялъул ахиралда тадбиралъул гIахьалчагIаз Парижалда Олимпиадалда гIахьаллъизесел районцоял МухIамадхIабиб КъадимухIамадовасе ва МухIамад Рамазановасе бергьенлъи гьарун, гьезулгун видеотелефоналъул бухьен гьабуна.

Ахиралда Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Дибир МухIамадовас ахIана районалъул тадбиразда гIадатлъун бильъараб ЦIумадисезул гимн.

Тадбир ана гьудуллъиялъул ахIвал-хIалалда.

**Шамил Бадрудинов**

Нижеца гIумру бищула

## Сахаб гIумру гьабизе ахIана

19 июлалда райадминистрациялъул споргалъулгун гIолилазул ишазул отделалъ Агъвали гимназиялъул къадисеб лагералда тIобитIана ЦIумада район гIуцIаралдаса 95 сон тIубаялъул ва Дагъистаналъул Конституциялъул къоялъул хIурматалда «Нет наркотикам и табакокурению!» абураб ахIиялда гьоркь тадбир.



Отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас лъималазе бичIчIи кьуна конституциялъул, бицана гьелъул кIваралъул. Гьединго гьес бицана наркотиказул ва хьалияналъул инсанасул чорхое бугеб зарал-зияналъул, ахIана гьел заралияб хасият-гIамалаздаса цIуна-къан рукIине ва сахаб гIумру гьабизе.

Шамил Бадрудиновас жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна наркотиказ ва хьалияналъ лъималазул гIумруялъе гьабулеб квешаб асаралъул. ГьитIинго рукIун лъималаз жигар бахъизе кколин битIараб нухде ккезе, гьелъие кьваригIулин абуна гьес спорталде машгъуллъизе.

Тадбиралъул ахиралда лъималазда гьоркьоб тIобитIана сахаб гIумру гьабиялъул суалазда хурхун конкурс. Гьезул жавабазухъ балагьун бихьулеб букIана гьеб рахьалъ лъималазул бичIчIиялъул даража лъикIаб букIин.

Тадбиралъул ахиралда лъималаз цадахъ ахIана «Нижеца гIумру бищула!» абун.

ЛъикIал жавабал кьурал лъималазе республикаялъул гIолилазул ишазул министерствоялъул рахъалъан кьуна «Цоцаз цIуне» абураб хьвай-хьвагIай тIад гьабурал гъажалда ралел курхьинал.

**Шамил Бадрудинов**

Газпром

## Как сэкономить при оплате за потребленный газ?

Поставщик газа «Газпром межрегионгаз Махачкала» советует воспользоваться простыми и важными правилами, чтобы сэкономить при оплате за потребленный газ.

Во-первых, платить за газ вовремя - до 10 числа месяца, следующего за расчётным, и в полном объеме. Такая платёжная дисциплина не допускает судебных исков и отключений, а значит, дополнительных переплат: судебные издержки и расходы на восстановление подачи газа ложатся на плечи должника.

Второе правило - не забывать передавать поставщику газа показания счетчика. Делать это нужно ежемесячно до 25 числа текущего месяца, даже если показания счетчика не меняются. Если не передавать показания -первые три месяца начисления производятся по среднемесячному потреблению за последний год. Затем по нормативам, а это гораздо дороже!

Третье-следить за сроком поверки своего газового счетчика. Если вовремя не провести поверку, начисления будут производиться по нормативам потребления. К примеру, для больших частных домовладений с отоплением от газовых котлов эта сумма в разы может превысить сумму начислений по показаниям прибора учета газа.

Четвертое - при оплате за газ не платить комиссии организациям-посредникам. Оплатить газ без комиссии можно через «Личный кабинет абонента» на сайте https://mkala-mrg.ru или через мобильное приложение «Мой Газ» или «Газ Онлайн» (доступно в PlayМаркет и AppStore).

Для потребителей газа, которые хотят разобраться с задолженностью за газ, выяснить её причины и какие действия нужно предпринять работает «Контакт-центр» компании «Газпром межрегионгаз Махачкала». Звонить можно в рабочее время с 9 до 18ч. по бесплатному номеру 8-800-200-98-04.

**Утерянный аттестат о среднем (полном) общем образовании серия Б №298759, выданный Кванадинской средней общеобразовательной школой Цумадинского района 20.06.1990 года на имя Кадимагомедова Саидгусена Кадимагомедовича, считать недействительным.**

# Поэзиялъул мухъал



**МухIамад Коратов**



### Учузлъараб гIумру

Щибго жоги лъаларел,
Лъаларинги чIоларел,
ЧIухIухъаби гIемерлъун,
Учузлъана гьаб гIумру.

Пара- шагьи цIикIкIарал
ЦIогьодун бечелъарал
Депутаталлъун ккедал,
Учузлъана гьаб гIумру.

Учузал гIадамаца
ТIалъиги кодоб босун,
ГIаммаб халкъ рехун тедал,
Учузлъана гьаб гIумру.

ВатIан гIарцухъ бичулел,
Рогьо щиб жо лъаларел
ХIакимзаби гIемерлъун,
Учузлъана гьаб гIумру.

Къурьан - хIадис бичIчIичIел
ЦIализе лъани гIолел,
Дин малъизе лъугьиндал,
Учузлъана гьаб гIумру.

КIудиязухъ гIенекки
ГIад-хочIалъеги гьабун
ГIолилаз адаб тедал,
Учузлъана гьаб гIумру.

ГIакъилал умумузул
Тарбияги кIочон тун,
Ничгун - намус билиялъ,
Учузлъана гьаб гIумру.

Лъимал эбел - инсуда
Малъаризеги лъугьун,
Гьезухъ ихтияр тедал,
Учузлъана гьаб гIумру.

ГодекIаниб букIараб
ГIадлу кIоченеги тун,
Нилъер гIайибалдалъун
Учузлъана гьаб гIумру.

Завод - фабрикалги къан
КьватIиса къай баччизе
Базаргаби лъугьиндал,
Учузлъана гьаб гIумру.

Гьунар - цIар рикIкIинчIого
Кинабго гIарцудалъун
Борцунеб заман бачIун,
Учузлъана гьаб гIумру.

Дин - ислам биччан тедал
Рихьдае гьеб гьабулел
Муъминзаби гIемерлъун,
Учузлъана гьаб гIумру.

ГIаламалъе хьвадизе
Нухал кьварид гьарулел
ГIалимзаби раккидал,
Учузлъана гьаб гIумру.

Дунялалда рукIаго
Алжан - жужахI бикьизе
Имамзаби лъугьиндал,
Учузлъана гьаб гIумру.

Нилъер гIадатаздаса
Чиярал цере кколел
ГIолохъаби раккиялъ,
Учузлъана гьаб гIумру.

Бертадулъ кеп- хочI гьечIеб,
СухIмат - макъан гьукъараб
Замана тIаде щведал,
Учузлъана гьаб гIумру.

Хварасул къимат гьечIеб
ДугIа - алхIам камилаб
Кверкьеял кьокь гьариялъ,
Учузлъана гьаб гIумру.

Магжица иман борцун
Кьокьал тIажалги ретIун,
Михьал кIвай модалъун ккун,
Учузлъана гьаб гIумру.

ГIаданлъи гIабдаласул
Пишалъун рикIкIунезул
РикIкIен гIемерлъун индал,
Учузлъана гьаб гIумру.

ГIаданлъи цIикIкIарасул
ЦIар гьабиги гьечIого,
Гьеб капкил бакIалде ккун,
Учузлъана гьаб гIумру.

ХIалтIухъанасул къимат
Къадруялда цIунарал,
ГIадамал лъугIун иналъ
Учузлъана гьаб гIумру.

ЦIадаса ХIамзатица
КочIолъ абун букIана:
«Щибаб жо гIемерлъидал,
Учузлъулеб гIадатин.

ГIаданлъи кинаб жойин
ГIемерлъун хиралъулеб»,
Гьебги учузлъун ккедал,
Учузлъана гьаб гIумру.

* * *

### ГIурдадаса хергицин

Дир йокьулелъул гьеди
Учузаб жо батанин,
Батулареб рагIиищ
Гьаб рокьуда цIар лъелеб.

Хасало кьураб рагIи
Ихдада батулареб,
Ихдал ретIарал тIугьдул
Ракьван кьватIир рехханин.

Гьелъий ретIарал тIугьдул
КьватIир ралел мехалда,
Гьезул ракьвай бихьидал
Дида ракIалда ккана.

ТIугьдуз гьарулеб бугин
Йокьарай дур ясалъе
ГIурдадаса хергицин,
ТIокIалъ тIогейин абун.

Лъаларо гьанже гьеди
Кинаб гьелъул букIинеб,
Рииги цебе бугин,
Гьедаризе ятила.

Божуда рекI гьабидал,
Божизе захIмат буго.
ХIалбихьизе бокьана
Жеги цойгиги нухалъ.

* * *

### Тоге рокьи бечIазе

Хасало гьедарана
Их бачIиндал дандчIвалин,
ГIурдада тIегь бижидал,
КвацIи кьезе рихьилин.

Дур гьедиялда божун
Дица сабру гьабуна,
Гьале тIаде бачIана
Дуе бокьараб доб их.

Кий йигей, бице дида,
ТIугьдуз дунял бацанин,
ГIурчин харил халича
Ракьалъ тIад ретIун бугин.

Йихьуда мунги гьечIин,
Гьалда рокьи абулищ?
Киб араб доб гьедари,
РечIалел ругин тIугьдул.

Херги бакъвалеб бугин,
Хехлъи гьабе данд чIвазе.
Тоге гьудул дир рокьи
ТIугьдул гIадин бечIазе.

Рокьи цIунизе ккола
ЦIорон хвеялдасаги.
Гьеб цIорони цIидасан,
БижизегIан хутIулин.

* * *

### Хасел ана, их щвана

Хасел ана, их щвана,
Их ана рии щвана.
Унеб бугин рииги,
Кий йигей мун хирияй.

Киб бугеб дур доб рагIи,
Кьварун дида абураб.
Дун гьечIеб дунял дуе,
ХIажат гьечIин гьедараб.

Ихдада данде чIвазе
Гьабураб нилъер кьотIи,
Кутакаб гьуриги пун,
Гьороцайищ хьамураб?

Ялъуни ракьа гьечIеб
МацIалъул гьалатIищ гьеб,
Кваранисa, квегIиса,
Бокьухье хьвагIун тараб?

Ца таралъ мегIер толин,
Аби буго халкъалъул,
Рокьи цIунизе ккани,
РагIул ханлъун йикIа мун.

* * *

### Баркала рокьиялъе

Херлъи цIакъаб жо буго
ГьекъечIого мехтулеб,
Амма рокьи жеги лъикI,
Херлъи кIоченабулеб.

Соназда вахун хадуб,
Рокьи ккарай гIаданалъ
ЦIан вачун ватана дун
АнцIила микьил гIужилъ.

Мехтел тIубан буссана,
Чорхой тирилъи щвана,
Къаси зодиб моцI гIадин,
КенчIезеги лъугьана.

Гьанже дун хIадур вуго
ГIолилалгун къец базе,
Векеризе, кIанцIизе,
Бокьараб иш гьабизе.

Баркала гьаб рокьуе
Херлъи кIоченабураб,
Жеги кIудаб баркала
Дун асир гьавуралъе.

**Налоговая служба**

# С 2025 года увеличатся стандартные налоговые вычеты

С 1 января 2025 года увеличится размер стандартных налоговых вычетов. Так, вводится новый вычет в размере 18 000 рублей за год для лиц, которые выполнили нормативы испытаний (тестов) Всероссийского физкультурно-спортивного комплекса «Готов к труду и обороне» согласно возрастной группе и были награждены знаком отличия. Он предоставляется за год, когда произошло такое награждение или его подтверждение, если гражданин в соответствующем календарном году прошел диспансеризацию.

Кроме того, увеличится стандартный вычет на второго и последующих детей и лимит доходов, до которого он предоставляется. Теперь вычет на второго ребенка составит 2 800 руб. (вместо 1 400 руб.), на третьего и каждого последующего – 6 000 руб. (вместо 3 000 руб.). Также с 6 000 руб. до 12 000 руб. увеличен вычет опекунам, попечителям, приёмным родителям на каждого ребенка, если несовершеннолетний ребенок является инвалидом. Эта же мера действует для учащихся очной формы обучения, аспирантов, ординаторов, интернов, студентов в возрасте до 24 лет, если они являются инвалидами I или II групп.

Увеличен размер дохода, до достижения которого предоставляются стандартные налоговые вычеты на детей: вместо 350 000 руб. теперь он составит 450 000 руб.

С 1 января 2025 года стандартный налоговый вычет на детей предоставляется налоговым агентом (работодателем налогоплательщика) автоматически при наличии соответствующих сведений. Заявление подавать для этого не требуется. Если налогоплательщик впервые получает такой вычет, то предоставляет документы, подтверждающие право на него.

Если в течение года стандартные налоговые вычеты были предоставлены одним или несколькими налоговыми агентами в большем размере, чем предусмотрено законодательством, то по окончании года налоговые органы произведут перерасчет. Соответствующая сумма НДФЛ будет включена в налоговое уведомление.

**Внимание, конкурс!**

Министерство культуры Республики Дагестан объявляет о проведении республиканского конкурса на соискание премии Правительства Республики Дагестан «Душа Дагестана» в 2024 году.

ДУША ДАГЕСТАНА

*Премия Правительства Республики Дагестан за заслуги в сохранении развитии народного творчества и традиционной культуры*

С 16 июля по 1 октября 2024г. ГБУК «Республиканский дом народного творчества» осуществляет приём заявок на соискание премии.

В соответствии с Положением о порядке присуждения премии правительства Республики Дагестан «Душа Дагестана», утвержденным постановлением правительства Республики Дагестан от 03.10.2014 №460 «Об учреждении премии Правительства Республики Дагестан «Душа Дагестана» осуществляется отбор по следующим номинациям:

- народный танец - руководителю лучшего любительского коллектива, исполнителю народного танца (две премии);
- народное пение - руководителю лучшего любительского коллектива, исполнителю народной песни (две премии);
- народная музыка - руководителю лучшего любительского коллектива, исполнителю народной музыки (две премии);
- традиционная народная культура - руководителю лучшего самодеятельного фольклорного коллектива, народному сказителю, исполнителю эпоса, семейному ансамблю, цирковому коллективу, группе канатоходцев (две премии);
- народный мастер - мастеру декоративно-прикладного, изобразительного и фотоискусства, мастеру по пошиву национальных костюмов, изготовлению музыкальных инструментов (две премии);
- юное дарование - лучшему исполнителю народного творчества в возрасте до 14 лет (одна премия);
- народный театр - режиссеру лучшего народного театра, лучшему актеру народного театра (две премии);
- народный музыкальный инструмент - лучшему исполнителю на народном музыкальном инструменте (две премии).

Заявки на соискание премии Правительства Республики Дагестан «Душа Дагестана» подаются в соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 03.10.2014 №460 «Об учреждении премии Правительства Республики Дагестан «Душа Дагестана», приказом Министерства культуры Республики Дагестан от 28 мая 2021г. № 207-од «Об утверждении Порядка проведения конкурса на соискание премии Правительства Республики Дагестан «Душа Дагестана» с целью проведения конкурса по присуждению премии «Душа Дагестана».

Заявки принимаются до 18.00 1 октября 2024г. по адресу: 367010, г. Махачкала, ул. О. Кошевого 35 «А», Республиканский дом народного творчества МК РД с указанием наименования премии Правительства Республики Дагестан «Душа Дагестана».

С условиями проведения конкурса можно ознакомиться по ссылке https://dagfolkkultura.ru/upload/dusha.pdf

**Динияб бокIон**

# Аварагасул махсара

**Махсара гIемер гьаби беццараб иш гуро. Гьеб гIемер гьабиялъ инсан вачуна бичIчIунгутIиялде ва гIадамаздаги гьеб рихуна. Гьелъин Аварагасул (с.т.гI.в.) махсара букIараб гьоркьохъеб хIал цIунараб.**

ГIемер махсараби гьарулев чи гIадамаз рикIкIунаро ва гьелъ ракIги чIунтизабула. Гьединго махсара гьабулеб мехалъ битIараб бицинеги ккола. Нилъеца халгьабуни гIемерисеб махсараялъуль батула мекъаб, гьересияб жо. Гьединаб махсара исламалъ гьукъана.

Аварагас (с.т.гI.в.) махсара гьабулеб мехалъ битIараб гурони бицунароан. Аварагги (с.т.гI.в.) нилъее мисал босизе бищун рекъав вуго.

МухIаммад ибну Гьайланица бицана Абу Усаматидасан, гьесги Шарикидасан, гьесги ГIасим АхIвалиясдасан, гьесги Анас ибну Маликидасан, Аварагас (с.т.гI.в.) абунин: «Дида Аварагас (с.т.гI.в.) абуна кIиго гIиналъул бетIергьанилан, ай махсара гьабун, кIиго гIин бугев чийилан».

Аварагас (с.т.гI.в.) гьесда гьедин абуна гьев цIакъ мухIканго Аварагасухъ (с.т.гI.в.) гIенеккулев вукIиналъ. Гьеб махсараги гьабуна гьев вецщун.

Бегьулеб махсара ккола шаригIаталъул гIурхъи бахунареб, жинца чиясе квешлъи ва зарал гьабулареб, гьесда хIунсулареб. Рес буго махсара гьабулеб мехалъ бокьулареб жо абизе. Гьебги кIочон тезе бегьуларо.

Цо-цояз абула гьесие бокьичIониги жиндие ургъел гьечIин. Амма гьеб мекъаб пикру буго. Исламалъ гьукъана чиясе бокьулареб жо абизе.

Абу Гьурайратидасан бицараб хIадисалда буго: «АсхIабзабаз Аварагасда абидал, дуца нижее махсарайищ гьабулебин абун, Аварагас (с.т.гI.в.) абула: «У, амма дица битIараб ва хIакъаб гурони бицунаро», - ян.

АсхIабзабаз гьеб суал кьеялъе чанго гIиллаги букIана. Цоцоязда ккола аварагзабаз махсара гьабизего бегьулеб батиларилан абун. Гьелъ Аварагас (с.т.гI.в.) баян гьабуна махсара гьабизе бегьулелъи, амма битIараб бицун.

Цогидаб хIадисалда буго диналъул вацгун кьацандугеян, махсара гьабугеян ва кьотIи хвезабулеб жоги кьогеян. Гьеб хIадисалъул магIна ккола кидаго гьабулеб махсара. ГIемер махсара гьабиялъ лъикIалде рачунаро.

* * *

# Аварагасул тIабигIат

**ГIодове виччай, чIухIи гьечIолъи, гIадамазда хIал рекъезабулевлъун вукIин - гьеб буго чиясулъ бугеб тIадегIанаб, берцинаб тIабигIат. Гьеб буго жиндехун чияр ракIал рагьиялъе сабаблъун бугеб гIамалги. Гьединаб тIабигIаталдалъун чиядехун жува-гъуван вукIунев, Аллагьас (с.т.гI.в.) дунялалдаги ахираталдаги, тIадегIан гьавула.**

Аллагьасул Расулас (с.т.гI.в.) абунин Абу Гьурайратидасан бицун буго: «Садакъа гьабиялъ боцIи-мал кигIанго дагьлъизабуларо, цогияздаса тIаса лъугьунесеги Аллагьас тIадегIанлъи гурони кьоларо, Аллагьасе гIоло гIодове виччан, чIухIи гьечIолъи бихьизабулевги Гьес макъамазде вахинавула», - ян (Тирмизи).

Аллагьас гьединаб гIамал - хасияталъул чагIи тIадегIан гьарула, гьезул чилъиги гIадамазда гьоркьоб ва гьезул пикрабазуль щула гьабула. ГIаксияб, ай чIухIараб гIамалалда рукIунел абуни, Аллагьас дунялалдаги ахираталдаги гIодорегIан гьарула.

ГIодове виччарав чи кидаго жиндир гIамалалдагун рагIабазда хадув чIаравлъунги вукIуна. Цинги гьединасухъа лъугьунаро Аллагьасул цщин бахъинабулеб ва мунагьалде кколеб гIамал. ГIодове виччай буго лъикIаб тIабигIаталъул гIаламат, берцинаб рукIарахъиналъе мисал, ахиралда жибги гIадамаздехунгун Аллагьасде унго-унгояб къагIидаялда гьоркьоблъи букIиналъе хIасиллъун бугеб.

ГIияз ибну Химаридасан бицун буго, Аварагас (с.т.гI.в.) абунин: «Аллагьас диде вахIю гьабуна нуж чIухIи гьечIел, гIодоре риччараллъун рукIайин, нужер цонигияв цогидасда тIад чIухIаравлъун ва зулму-хIал гьабуларевлъун вукIунедухъ», - абун (ибну Мажагь).

Аварагасул (с.т.гI.в.) хIакъалъулъ абуни, гьев вукIана кутакалда сабурав, чIухIи гьечIев инсан. Гьеб хасият букIана гьесулъ рукIаразул бищунго нур бараб тIабигIатлъунги. Гьелъие гьес гIемерал гIумруялъул мисалалги рихьизаруна. Гьеб буго нилъеца тIоцебе гьесдаса босизе кколеб ва жинда гIамал гьабизе рекъараб тIабигIатги.

Анас ибну Маликидасан бицун буго, Мадинаялда, бокьарай, кигIан гьитIинай лагъалдаги кIолаанин Авараг (с.т.гI.в.) кверги ккун жиндиего бокьаралъуве вачине. Гьелъ бихьизабулеб буго, кигIан хIеренав, чIухIи гьечIев чи Авараг (с.т.гI.в.) вукIаравлъи.

Аллагьас насиб гьабеги щивасе гьеб тIадегIанаб тIабигIат! Амин!

«Ас-салам» газеталдаса босараб

# Предостережение о недопустимости противоправных действий

**Уважаемые жители района!**

В целях предупреждения совершения правонарушений сотрудники отдела МВД России по Цумадинскому району РД предостерегает вас и напоминает об уголовной и административной ответственности за публикации запрещенных на территории Российской Федерации аудио, видео и фото материалов, экстремистских символов, атрибутики, а так же призывы или распространение материалов на площадках социальных сетей интернета, публичные выступления агитирующие экстремистский толк в обществе и призывающие к изменению конституционного строя и дестабилизации обстановки на территории Российской Федерации, а так же распространение информации дискриминирующей действия вооружённых сил РФ в ходе СВО на территории Украины.

Для ознакомления публикуем список статей основных правонарушений и преступлений в данном направлении.

**Статьи административных правонарушений экстремистской направленности КоАП РФ.**

1.Статья 13.15. КоАП РФ. Злоупотребление свободой массовой информации.

2.Статья 13.37. КоАП РФ. Распространение владельцем аудиовизуального сервиса информации, содержащей публичные призывы к осуществлению террористической деятельности, материалов, публично оправдывающих терроризм, или других материалов, призывающих к осуществлению экстремистской деятельности либо обосновывающих или оправдывающих необходимость осуществления такой деятельности.

3.Статья 15.27.1. КоАП РФ. Оказание финансовой поддержки терроризму.

4.Статья 20.3. КоАП РФ. Пропаганда либо публичное демонстрирование нацистской атрибутики или символики, либо атрибутики или символики экстремистских организаций, либо иных атрибутики или символики, пропаганда либо публичное демонстрирование которых запрещены федеральными законами.

5.Статья 20.3.1. КоАП РФ. Возбуждение ненависти либо вражды, а равно унижение человеческого достоинства.

6.Статья 20.3.2 КоАП РФ. Публичные призывы к осуществлению действий, направленных на нарушение территориальной целостности Российской Федерации.

7. Статья 20.3.3. КоАП РФ. Публичные действия, направленные на дискредитацию использования Вооруженных Сил Российской Федерации в целях защиты интересов Российской Федерации её граждан, поддержания международного мира и безопасности или исполнения государственными органами Российской Федерации своих полномочий в указанных целях, оказания добровольческими формированиями организациями или лицами содействия в выполнении задач, возложенных на Вооруженные Силы Российской Федерации.

8.Статья 20.27. КоАП РФ. Нарушение правового режима контртеррористической операции.

6.Статья 20.29. КоАП РФ. Производство и распространение экстремистских материалов.

**Статьи уголовных преступлений экстремистской и террористической направленности УК РФ.**

1.Статья 205. УК РФ. Террористический акт.

2.Статья 205. 1. УК РФ. Содействие террористической деятельности.

3.Статья 205. 2. УК РФ. Публичные призывы к осуществлению террористической деятельности или публичное оправдание терроризма.

4.Статья 205. 3. УК РФ. Прохождения учебы в целях осуществления террористической деятельности.

5.Статья 205. 4. УК РФ. Организация террористического сообщества и участие в нем.

6.Статья 205. 5. УК РФ. Организация деятельности террористической организации и участие в деятельности такой организации.

7.Статья 205. 6. УК РФ. Не сообщение о преступлении предусмотренных статьями; 205; 205.1; 205.2; 205.3; 205.4; 205.5; 206; 208; 211; 220; 221; 277; 278; 279; 360 и 361 УК РФ

8.Статья 206. УК РФ. Захват заложника.

Преступление, относится к террористическим, при наличии связи с террористической деятельностью.

9.Статья 207. УК РФ. Заведомо ложное сообщение об акте терроризма.

10.Статья 207. 3. УК РФ. Публичное распространение заведомо ложной информации об использовании Вооруженных Сил Российской Федерации, исполнение государственными органами Российской Федерации своих полномочий, оказании добровольческими формированиями, организациями или лицами содействия в выполнении задач, возложенных на Вооруженные Силы Российской Федерации.

11.Статья 208. УК РФ. Организация незаконного вооруженного формирования или участия в нем.

12.Статья 280. УК РФ. Публичные призывы к осуществлению экстремистской деятельности.

13.Статья 280. 1. УК РФ. Публичные призывы к осуществлению действий направленных на нарушение территориальной целостности РФ.

14.Статья 282. УК РФ. Возбуждение ненависти либо вражды, а равно унижение человеческого достоинства.

15.Статья 282 ч. 1. УК РФ. Организация экстремистского сообщества.

16.Статья 282 ч. 2. УК РФ. Организация деятельности Экстремистской деятельности.

**Уголовная ответственность за заведомо ложное сообщение об акте терроризма.**

В Российской Федерации последовательно ужесточаются меры, применяемые к нарушителям общественной безопасности и общественного порядка. Это неудивительно, поскольку такого рода посягательства нарушают нормальное функционирование государственных и общественных институтов, способны причинить немалый вред гражданам.

Заведомо ложное сообщение об акте терроризма является преступлением, предусмотренным статьей 207 УК РФ, и относится к категории преступлений против общественной безопасности.

Уголовной ответственности по статье 207 УК РФ подлежат вменяемые лица, достигшие 14-ти летнего возраста.

Эта норма состоит из 4 частей, регламентирующих наказание в зависимости от тяжести последствий действий «террористов».

К заведомо ложным сообщениям об акте терроризма относятся сообщения о готовящихся взрыве, поджоге или иных действиях, создающих опасность гибели людей, причинения значительного имущественного ущерба либо наступления иных общественно опасных последствий. При этом данные сведения являются заведомо ложными, то есть не соответствующими действительности, вымышленными, надуманными.

Сообщение может быть направлено любым способом: по телефону, через Интернет, любым иным способом (записка и т.д.). Адресатом не обязательно являются правоохранительные органы, оно может быть передано и непосредственно в само учреждение или организацию, на чью нормальную работу стремится повлиять виновный.

Обязательным условием также являются хулиганские побуждения преступника. При этом, излишне проявленная бдительность не наказуема, даже если информация о возможных террористических действиях не подтвердилась.

Сообщение, отвечающее перечисленным требованиям, влечет ответственность по ч. 1 ст. 207 УК РФ и наказание в виде штрафа от 200 до 500 тысяч рублей, либо ограничение свободы до 3 лет, или принудительных работ от 2 до 3 лет.

В соответствии с ч. 2 ст. 207 УК РФ, если «заминированными» оказываются объекты социальной инфраструктуры: больницы, школы, вокзалы, заведения, связанные с отдыхом и досугом, либо преступные действия повлекли ущерб свыше 1 миллиона рублей, виновному грозит наказание в виде штрафа от 500 тысяч до 700 тысяч рублей, либо лишение свободы на срок от 3 до 5 лет.

Общественная опасность данного преступления состоит в попытке нарушить нормальную деятельность предприятий, учреждений, транспорта, правоохранительных органов, отвлечение сил и средств на проверку ложных сообщений. Проверка поступивших сообщений, даже при их очевидной ложности, всегда проводится полно и тщательно: с массовой эвакуацией граждан из зданий, остановкой деятельности жизненно важных объектов социальной инфраструктуры, нарушением законных прав других лиц, выездом большого количества полицейских, саперов, проверкой всех помещений.

Материальный и имущественный ущерб, связанный с работой бригад скорой помощи, МЧС и иных спасательных служб, вынужденных проводить проверку ложного сообщения, а также убытки, понесенные иными организациями, взыскиваются с лица, совершившего такое преступление.

Поэтому ложное сообщение об акте терроризма, к примеру, о заложенном в торговом центре или образовательной организации взрывном устройстве, является не безобидной шалостью, а уголовно наказуемым преступлением. Дестабилизация деятельности органов государственной власти путем «минирования» влечет еще более строгую ответственность – штраф от 700 тысяч до 1 миллиона рублей, либо лишение свободы на срок от 6 до 8 лет.

Следует помнить, что подобные действия, даже если совершаются из обычных хулиганских побуждений (сорвать уроки, «наказать» за хамство и т.д.) из-за создаваемой атмосферы страха и паники, могут повлечь по неосторожности смерть человека или иные тяжкие последствия. В этом случае, в соответствии с ч. 4 ст. 207 УК РФ наказание назначается в виде штрафа от 1,5 до 2 миллионов рублей либо лишения свободы от 8 до 10 лет.

Несмотря на то, что в указанных преступных действиях обычно нет потерпевшего-гражданина, бесцельное расходование и отвлечение контртеррористических сил и средств ставит под угрозу общественную безопасность в целом и именно поэтому влечет привлечение к уголовной ответственности.

**ОМВД РОССИИ по Цумадинскому району РД**

# Наказания за незаконную предпринимательскую деятельность

В соответствии со ст.14.1 КоАП РФ, осуществление предпринимательской деятельности без государственной регистрации влечёт наложением административного штрафа в размере от 500 до 2000 руб. Если данное физлицо осуществляет деятельность, которая подлежит обязательному лицензированию, то в этом случае штраф составит от 2000 до 2500 руб. Продукция и средства производства могут быть конфискованы.

Кроме того, административное наказание могут повлечь также: применение в деятельности чужих логотипов, нарушение авторских прав, обман покупателей, реализация подделок и т.п.

**Налоговая ответственность**

Статьей 11 Налогового Кодекса РФ установлено, что физические лица, которые ведут предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, но не зарегистрировавшиеся в качестве ИП, не вправе ссылаться на то, что они не являются индивидуальными предпринимателями. Это означает, что к таким физлицам могут быть применены штрафные санкции за неуплату налогов, а также несдачу налоговой отчетности.

Наказание для физического лица предполагает выплату НДФЛ на сумму доказанного дохода и пени за его просрочку. Помимо этого, за уклонение от уплаты налогов полагаются следующие штрафы:

-10 % суммы извлечённого от незаконной предпринимательской деятельности дохода, но не менее 20 тыс. руб. - составляет штраф для предпринимателя, который не подавал в ИФНС заявление на регистрацию собственного бизнеса;

-20 % суммы дохода, но не менее 40 тыс. руб. - заплатит предприниматель, ведущий нелегальный бизнес 90 дней и более;

-если ФНС установит факт, что законно зарегистрированный предприниматель вёл свою деятельность ДО ДАТЫ фактической регистрации, это грозит штрафом в 5 тыс. руб. Если же налоговые органы установят, что факт получения дохода состоялся ранее даты регистрации более чем 90 дней, штраф составит 10 тыс. руб.

Непредставление налогоплательщиком налоговой декларации в установленный законодательством срок наказывается штрафом в размере 5 % неуплаченной суммы налога, подлежащей уплате (доплате) на основании этой декларации, за каждый полный или неполный месяц со дня, установленного для ее представления, но не более 30 % указанной суммы и не менее 1000 рублей.

**Уголовная ответственность**

Уголовная ответственность наступает, если доказано либо причинение крупного ущерба гражданам, организациям или государству, либо получение доходов в крупном и особо крупном размере. Данный факт может быть доказан в результате проверок, проведенных полицией или прокуратурой.

За незаконную предпринимательскую деятельность УК РФ предполагает следующие наказания:

За причинение ущерба в крупном размере(1,5-6 млн руб.) - штраф до 300 тыс. руб. или в размере заработка нарушителя за 2 года. Также наказанием для физлица за незаконную предпринимательскую деятельность могут стать 180-240 часов обязательных работ или лишение свободы на срок 4-6 месяцев.

За причинение ущерба вособо крупном размере(более 6 млн руб.) - штраф до 500 тыс. руб. или в размере заработка нарушителя за 3 года; лишение свободы на срок до 5 лет вкупе со штрафом до 80 тыс. руб. или в размере 6-месячного дохода.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Редакцияльул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1193
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru